

Elek-Sion Prezidan

Pandan tout Ayisyen okipe ak Elek-Syon Prezidan, Chèf Leta defakto, piske Palman pap fonksyone, ap pran dekwè, Minis Gouvènman ap siyen kontra, de jou an jou Gouvènman detèt sila ap mare Ayisyen pi rèd. Sepandan, nou note, mechanste nou remake pami Ayisyen se rezilta mezi di (austerity measures) twa zanmi Ayiti (Etazini, Frans, Kanada) enpoze sou peyi a. Kidonk, tank lavi ap vin pi chè, plis mechanste ap pwopaje ann Ayiti.

Nou ankouraje Ayisyen, ki gen posiblite pou analize konjonkti ak desizyon kap pran, voye je sou fwontyè a. Dèke nou fè sa. Nap remake tout kondisyon reyini pou klase Ayiti pami peyi nan mond lan ki gen pwoblèm refijye. Nan ka Ayiti, se pa konfli ak zam, osnon lagè ki koze sityasyon refijye; de preferans se politik etranje, Repiblik Dominiken, Tribinal Konstitisyonèl bay kò jiridik nan Atik 168-13 ki lakoz ou bann moun Sanpatri (<http://lenouvelliste.com/lenouvelliste/article/145947/Larret-168-13-un-massacre-civil-qui-sapparente-au-massacre-physique-de-1937>). Nan dinamik Ayisyen trouve li, nou kapab pwojete, nan ou tan pa twò lontan, moun Sanpatri sila yo ap leve kanpe pou reklame dwa yo a youn pòsyon tè peyi Ayiti. Pou nou sipòte evantyalite sila, nap site Irak, ak Kurds yo; Soudan, ak Soudan Sid; Yougoslavi, ak Croatia; Palestine, ak Jwif yo.

Gwanmèsi Èzili Dantò, nou konnen entewè Dominiken makònen ak Israel. An Repiblik Dominiken, Biwo Min ak Enèji, an kolaborasyon ak Gouvènman Israel, devlope ou plan pou redwi deforestasyon sou fwontyè Ayiti e Dominikani. Selon Pelegrin Catillo, Minis, Biwo Min ak Enèji, genyen apeprè 250,000 moun kap itilize bwa pou fè chabon sou fwontyè a (<http://dominantoday.com/dr/economy/2014/9/18/52759/Dominican-Israeli-governments-eye-clean-energy-at-border>). Èske se 250,000 moun sila yo Dominikani ap depòte Ayiti? Kesyon an poze. Tandiske prèske tout Ayisyen fokus sou eleksyon, konplo ap vanse. Selon Dantò, eleksyon enpòtan pou Konpayi Meriken-Ewopeyen ki deja ekri lwa sou Min pou Palmantè, kap chita nan Palman pou 50èm fwa, siyen (<http://www.ezilidanto.com/zili/2015/10/us-election-scams-in-haiti/>).

Elek-Sion Prezidan

Jan ou wè a. Tout kondisyon reyini pou depatya Ayiti. Anfèt, Twa Zanmi Ayiti, Iniyou Ewopeyen, ak Senkyèm Kolòn Ayisyen deja kòmanse enpleman pwojè zòn franch, sou kontwòl Dominiken, nan zòn fwontyè a, tankou Wanament. Plan lanmò sila, peyizan, nan kat kwen peyi a, te deja denonse li nan mitan lane 1990 yo. Òganizasyon Popilè fè tankou yo pa tandè, epi yo kontinye ap mache dèyè politisyen magouyè kale tèt ki derefize defann enterè nasyon an. Se nan moman sila, nou aprann akò Gouvènman Ayisyen siyen ak Homeland Security Israel (HLSI) (<http://www.hlsisrael.com/#!>), ki pral pwan kontwòl tè, lanmèl, ak syèl Ayisyen (<http://hpnhaiti.com/site/index.php/economie/17178-haiti-economie-la-surveillance-de-nos-frontieres-confiee-a-hlsi>). Selon Wilson Laleau, Minis Finans ak Ekonomi, HLSI responsab pou jere nèf (9) dwann (<https://www.youtube.com/watch?v=h-44DE0GKdA>).

Nap sonnen lanbi. Nap avèti Ayisyen, lemond antye. Gen oun lòt Jenosid, Krim Kont Limanite, Blan Meriken, Ewopeyen, an kolaborasyon ak Gouvènman Ayisyen, ap prepare sou zile Ayiti. Dapre rechèch Zili Network fè. Pèsonèl HLSI konpoze ak ansyen sòlda Israeli Defense Forces (IDF), tankou Eva Peled, kapitèn IDF. Answit ekspètiz HLSI se idantifye min anba tè. Oun lòt fwa, nap raple, selon oun atik Yves Engler ekri, Kanada sèlman sipòte politisyen Ayisyen ki favorize itilizasyon fòs zam pou pwoteje enterè konpayi Kanadyen kap fè dappiyanp sou resous natirèl Ayiti (http://therealnews.com/t2/index.php?option=com_content&task=view&id=31&Itemid=74&jumival=9278). Oun lòt fwa ann kite Engler pale, “Kanada ak Israel ap bati Apartheid. Depi 20yèm syèk, jouk jodi a, Kanada konplis nan kolonizasyon, deposeyon, e krim pandan lagè.”

San dout ,se sa ki esplike, fòmasyon nouvo brigad lapolis yo nonmen BOID, Andre Jonas Vladimir Paraison ap kòmande (<http://lenational.ht/haitisecurite-boid-une-nouvelle-unite-au-sein-de-la-pnh/>). Nou pa gen dout, modèl devlopman pou Ayiti, Gouvènman Tèt Kale chwazi enpleman ap koze lanmò anpil Ayisyen. Dayè, nan Site

Elek-Sion Prezidan

Solèy, Il-a-Vach, Akayè, elatriye, BOID deja kòmanse fè represyon sou popilasyon ki abite zòn sila yo. Nou note, Prezidan defakto, ak tout Gouvènman popetwèl, gen oul pwojè devlopman pou chak zòn jewografik sila yo. Nan Il-a-Vach se pwojè Touris ak Venezuela. Nan Akayè se depatya Montrouis opwofi Tèt Kale, fanmi e zanmi. Nan Site Solèy se waf prive, ak Gregory Mevs elatriye (<http://www.businesswire.com/news/home/20091006005915/en/Haiti-based-WIN-Group-Soros-Economic-Development-Fund>).

Gen oul ekip aloufa tilolit kap dechèpiyè Ayiti. Moun rich sila yo fè kòb tout jan, espesyalman nan konfli. Dyalektik; ki vle di, sak ap fèt ant yomenm ak tipèp la. Apre kou deta Septanm 1991 lan, fanmi tankou Gilbert Bigio, Gregory Mevs, e Marc Acra, vin pi rich (<http://warincontext.org/2010/01/25/does-gilbert-bigio-make-israel-look-good/>). Answit anpil gwannèg sila yo gen tit Konsil Onowè, tankou Bigio, Israel; Mevs, Finland. Sa ki pimal, selon Nirit Ben-Ari, ki pibliye oul atik nan Haaretz oul journal nan lang Ebre, “Israel pa janm oul fòs pou byen ann Ayiti” (<http://mondoweiss.net/2010/01/israel-not-always-a-force-for-good-in-haiti>). Ben-Ari montwe, pandan tout diktati boutdi Duvalier, se Israel ki te konn founi papa ak pitit zam. Nan menm atik la, Ben-Aris rapòte, selon oul rapò Jane’s Intelligence Review te pibliye 1 Dawou 2005, trafik zam Israel te pase pa Miami, Florida. Nou note trafik zam sila te kòmanse apre kou deta 29 Fevriye 2004, GNB yo te komèt kont Administrasyon Aristide-Neptune.

Sak pase? Nap boule! Se pou Ayisyen konprann sak ap fèt. Se pa san rezon kèk sèvèl wòwòt ap entwodwi tèm Ebre, tankou Canaan, Shalom, Sion ann Ayiti. Sa ki pi enpòtan, se pou Ayisyen aprann, istwa Canaan revele konkèt ak destriksyon. Selon Labib, Joshua, Jeneral Israel te detwi kilti e pèp ki tap viv Canaan nan lane 1250 Avan Jezi Kri (<http://www.ancient.eu/canaan/>). Lagè avèti pa tiye kokobe. Ni pinga moun di nap pwone vyolans. Sepandan, fas a danje sila, si Ayisyen kontinye mawon epi kouri al chèche refij nan lòt peyi, se Ayiti menm kap peri. Jou sila, istwa va rakonte te gen oul pèp ki te rele Ayisyen, menm jan ak Canaan.

Elek-Sion Prezidan

Lis atik

<http://lenouvelliste.com/lenouvelliste/article/145947/Larret-168-13-un-massacre-civil-qui-sapparente-au-massacre-physique-de-1937>

<http://dominicantoday.com/dr/economy/2014/9/18/52759/Dominican-Israeli-governments-eye-clean-energy-at-border>

<http://www.ezilidanto.com/zili/2015/10/us-election-scams-in-haiti/>

<http://www.hlsisrael.com/#!>

<http://hpnhaiti.com/site/index.php/economie/17178-haiti-economie-la-surveillance-de-nos-frontieres-confiee-a-hlsi>

<https://www.youtube.com/watch?v=h-44DE0GKdA>

http://therealnews.com/t2/index.php?option=com_content&task=view&id=31&Itemid=74&jumival=9278

<http://lenational.ht/haitisecurite-boid-une-nouvelle-unite-au-sein-de-la-pnh/>

<http://www.businesswire.com/news/home/20091006005915/en/Haiti-based-WIN-Group-Soros-Economic-Development-Fund>

<http://warincontext.org/2010/01/25/does-gilbert-bigio-make-israel-look-good/>

<http://mondoweiss.net/2010/01/israel-not-always-a-force-for-good-in-haiti>

<http://www.ancient.eu/canaan/>

<http://haitigrassrootswatch.squarespace.com/haiti-grassroots-watch-engli/>

<http://hpnhaiti.com/site/index.php/hait-diaspora-trait-dunion/santo-domingo/11598-haiti-rd-la-republique-dominicaine-defend-larret-168-13-au-sommet-du-celach>
http://haitiaction.net/News/HIP/1_29_8/1_29_8.html

Elek-Sion Prezidan

<http://www.zoominfo.com/p/Gregory-Mevs/664413749>

http://www.thestar.com/news/world/2010/12/06/campaign_fixer_sweetens_prospects_for_haitis_michel_martelly.html